



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



4 Mas 2022

Nou Salye Tout Anplwaye, Fanmi, ak Siveyan Lekòl Piblik Distri Vil Orange nou yo,

Kòm ou ka konnen deja, Gouvènè Murphy dènyèman te fè konnen ke Mete Mask obligatwa Inivèsèl nanLekòl yo ap pran fen 7 Mas 2022 a nan Eta New Jersey pou elèv yo, anplwaye yo ak vizitè yo. Sepandan, lekòl distri yo te gen otonomi pou kontinye avèk mask obligatwa aktyèl la, limite itilizasyon mask, oswa mete fen nan itilizasyon mask yo nèt. Kòm nou rekonèt ke tout vwa yo enpòtan, distri a te devlope yon sondaj pou tande opinyon sitwayen kominote a. Sondaj la te louvri Jedi 17 Fevriye 2022 a epi li te fèmen Madi 22 Fevriye 2022 a.

Pandan moman resesyon ivè a, distri a te travay kole kole avèk depatman sante lokal la. Poukisa sa enpòtan? Pou nou kapab pran yon bon desizyon, nou te vle tande opinion pa w ak ofisyèl sante lokal yo konsènan defi aktyèl sa yo nan Orange ki asosye ak COVID-19 la.

Nou vle pataje rezulta sondaj ki anba a avèk ou pou ka jete yon koudèy. Mwen vle pèsonèlman remèsyé anplwaye nou yo ak fanmi yo paske yo te pran sondaj sa a pandan ke n'ap kontinye asire sante ak sekirite tout moun k'ap antre nan pòt nou yo.

Rezulta Sondaj Sitwayen Kominote a

Nou te resevwa yon total de 1,236 repons nan men paran ak manm estaf yo Dekonpozisyon an te fèt nan jan sa a:

- 561 manm pèsonèl yo
- 675 Fanmi yo

Nou dwe avize w ke 885 moun ki reponn yo (tou de fanmi yo ak manm estaf yo) pataje ke mask obligatwa a pa ta dwe leve, tandiske 351 moun ki reponn yo (tou de fanmi yo ak manm estaf yo) pataje ke li ta dwe leve.

Nou te poze yon lòt kesyon tou sou mask obligatwa k'ap kontinye kèlkeswa sitiyasyon vaksinasyon an. 869 moun ki reponn yo te di ke mask obligatwa PA ta dwe leve kèlkeswa sitiyasyon vaksinasyon an, tandiske 367 moun ki reponn yo te di ke li ta dwe leve kèlkeswa sitiyasyon vaksinasyon an.

Dapre fidbak depatman sante nou an ak sondaj ak sitwayen kominote a, yo pral kontinye mete mask nan tout biling Lekòl Piblik Orange yo; sa gen ladann biwo yo ak sal klas jiska nou bay yon lòt avi. Nou te fè yon bilan sou enpòtans yon ti repi sou mask yo epi nou pral asire ke sa ap pase kounyè a atravè distri a. Nou espere ke ak chanjman sezón an ke to yo nan Vil Orange pral kontinye bese, sa pral pèmèt nou reevalye mezi preventif nou yo sou plas. Anplis de mete mask la, yo pral kontinye tcheke tanperati elèv yo ak anplwaye yo chak jou lè yo antre nan biling yo epi yo toujou oblige ranpli kesyonè sou COVID-19 la.

Menm jan nou te fè nou relouvèti lekòl yo ane pase a, nou pral ajiste tout pratik aktyèl yo sou yon baz gradyèl.

Apwòch Gradyèl pou Retounen nan Nòmal

Lekti pou Tcheke Tanperati a: Semèn 14 Mas la, sa p'ap obligatwa ankò.

Kesyonè chak jou sou COVID-19 la: Semèn 28 Mas la sa p'ap fòm sa yo p'ap obligatwa ankò.

Retire plak pwotèj biwo elèv yo: Semèn 4 avril la sa p'ap obligatwa ankò

Mete Fen ak Mask Obligatw a: Nou pral fè yon lòt evalyasyon apre Resesyon Prentan 2022 a Nou ap fè w konnen alekri aprè semèn 25 Avril 2022 a.

Distri a mande pou w kontinye voye kat vaksinasyon pou enfimyè lekòl nou yo gen enfòmasyon ki pi ajou. Anplis de sa, si w malad, jan yo te pataje'l deja, rete lakay ou jiskaske sentòm yo pase. Nou vle asire ke tout moun ki antre nan pòt nou yo an sekirite. Tès COVID-19 la ap kontinye chak semèn jiska fen mwa Mas la. Si genpòt chanjman nou pral kominike yo atan.

Pandan ane sa a, imèl sa a ki se: reopeningofschools@orange.k12.nj.us la ap rete entak pou reponn kesyon w ka genyen pandan eksperyans inik sa a. Pandan ke repons imèl yo souvan retounen nan kèk èdtan aprè nou resevwa yo, tanpri pèmèt 24-48 èdtan pou yon repons imèl. Distri a vle w tandé w ak tout kesyon ou genyen. Li enpòtan anpil pou kenbe anplwaye yo ak fanmi yo enfòme, sitou nan moman sa yo.

Nou sètènman nan sa nou ye a ansam. Mwen gen konfyans ke nou pral kontinye louvri yon santye ki ranpli ak siksè ak akonplisman pandan tout ane lekòl sa a ak pi lwen.

Edikasyonèlman,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèentandan Lekòl yo